# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–15 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

लौह पुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल क आजु 75वां पुण्यतिथि हौ। येह मौका पे प्रधानमंत्री अउर गृह मंत्री समेत कई गो नेता उनकरे व्यक्तित्व अउर कृतित्व के याद करत ओन्हे भाव भीनी सरधांजली दिहलें। ओहर लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सरदार पटेल के सरधांजलि देत कहलें कि लौह पुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल क नाव अउते हर भारतवासी के मन में सरधा, सम्मान अउरी कृतज्ञयता क भाव जाग जाला। देस क एकता अउरी अखंडता बदे उनकर अविस्मिरणीय जोगदान हरदम प्रेरणा देत रही।

***स्वतंत्र भारत में भारत की व्यवस्था कैसे होनी चाहिए और कैसा भारत हमें चाहिए भारत के अंदर की उन सभी रियासतो को जिनकी संख्या देश के अंदर उस समय 567 थी। इन 567 रियासतों को भारत गणराज्य का हिस्सा बना करके वर्तमान भारत का जो स्वरूप है अगर सही मायने में कहे तो इस वर्तमान स्वरूप के शिल्पी के रूप में यह भारत सदैव लौह पुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल का स्मरण करेगा।***

**********

केन्द्रीय नागर विमानन मंत्री राममोहन नायडू कहले हवें कि सरकार हवाई केराया पे निगरानी रक्खे बदे नागर विमानन महानिदेशालय के तहत टैरिफ निगरानी ईकाई के अउरियो मजबूत करी। राज्यसभा में आजु प्रश्नकाल में पूरक सवालन क जवाब देत श्री नायडू बतवले कि घरेलू राहि के साथे अब विदेश के केरायो क निगरानी कइल जा रहल हौ।

**जो टैरिफ मॉनिटरिंग यूनिट हमारी डीजीसीए में है, उसको भी और सशक्त करके और सारे रूट हम मॉनिटर कर रहे हैं। इंटरनेशनल रूट्स में भी मॉनिटर करने का किया है, क्योंकि हम वो दवाब एयरलाइंस पर भी हम डालना चाहेंगे कि इस तरह से अपोरच्युनिटी सिर्फ प्राइसिंग के सिच्युएशन जो कभी–कभी जो बन जाती है, वो न हो।**

**********

श्रीराज कुमार गोयल आजु नई दिल्ली में मुख्य सूचना आयुक्त पद क सपथ लिहलें। राष्ट्रपति दौपदी मुर्मु राष्ट्रपति भवन में उन्हें सपथ दियवलिन।

**********

काशी तमिल संगमम के चउथा संस्करण में आजु कई गो गतिविधियन क आयोजन भइल। एगो रिपोर्ट–

***तमिलनाडु से आये आध्यात्मिक दल हनुमान घाट पहुंच कर गंगा स्नान के पश्चात वहां प्राचीन मंदिरों में दर्शन–पूजन किया। प्रतिनिधिमण्डल को मंदिरों के इतिहास और उनकी भव्यता के बारे में जानकारी दी गयी। इसके बाद प्रतिनिधिमण्डल हनुमान घाट स्थित महान तमिल कवि सुब्रमण्यम भारती के घर का भ्रमण किया। प्रतिनिधिमण्डल के एक सदस्य ने कहा कि काशी और तमिलनाडु में काफी समानता है। यहां की संस्कृति और हमारी संस्कृति एक है। उन्होंने कहा कि इस तरह के आयोजन लगातार होने चाहिए ताकि प्रधानमंत्री श्री नरेन्द्र मोदी के एक भारत श्रेष्ठ भारत के सपने को साकार किया जा सके। वाराणसी से मनीष सिंह की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री मोहन यादव आजु बनारस पहुंची के बाबा विश्वनाथ क दरसन पूजन कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि महाकाल क नगरी से बाबा विश्वनाथ क नगरी काशी में आइल बहुते सौभाग्य अउर पुण्य क बात हौ। उहां के नया बनावल गइल। प्रदेस भाजपा अध्यक्ष पंकज चौधरी के बधइयों देहले।

**********

रेलवे पचीस राज्यन आ केन्द्रसासित प्रदेसन में विद्युतीकरण क निन्यानबे फीसदी से बेसी कार पूरा कइ लिहले हौ। मंत्रालय के मोताबिक दुइ हजार ओन्नइस से पचीस के बिच्चे तैंतीस हजार किलोमीटर से बेसी रेल मार्गन क विद्युतीकरण कइल गइल हौ। ई तकरीबन जर्मनी क पूरा रेलवे नेटवर्क के बराबर हौ।

**********

केन्द्रीय मंत्री जीतन राम माझी आजु राज्यसभा में प्रस्नकाल में बतवलें कि उद्यम पोर्टल में अबले सात करोड़ से बेसी लघु अउर मध्यम उद्योग पंजीकरण करवले हौ। एहसे देस में करीब एकतीस करोड़ लोगिन के रोजिगार मिलल हौ।

**********

श्रीराम जन्मभूमि आन्दोलन क प्रमुख अस्तंभ अउरी पूर्व सांसद डॉक्टर रामविलास वेदांती क आजु मध्य प्रदेश के रीवा में इलाज के दौरान सरगबास हो गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उन्हें सरधांजलि देत कहले कि डॉक्टर वेदांती क सरगबास एगो युग क अंत हौ।

**********

कौशाम्बी जिला में महेवा घाट थान्हा एरिया क कुआंडीह गांव के नगीचे बीतल राति एगो बाइक अउरी टैक्टर क टक्कर में तीनि लोगिन क मउति हो गइल आ एगो मनई गंभिराहे घाही हो गइल। मौका पर पहुंचल पुलिस घाही मनई के अस्पताल में भरती करवलसि अउर तीनों शव के पोस्टमार्टम बदे भेज दिहलस।

**********

प्रदेस के कई पूर्वी अउर पश्चिमी जिला में ठंडि अउरि कुहेसा बढ़त जा रहल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक प्रदेस के पूरबी अउर पच्छूं हिस्सा में आजु अउर बिहने कहीं कहीं घना अउर कुछु जगहिन पर बहुते घना कुहेसा छवले रहले क अनुमान हौ। दिसंबर क दूसरा पखवारा में ठंड में तेजी अइले क संभावना हौ।

**********